

## **Match Charter Public School Swen pou etidyan adoptif**

Match Charter Public School (“Match”) rekonèt obligasyon li genyen pou li asire l etidyan adoptif yo jwenn aksè edikasyon gratis e ki apwopriye pou lòt elèv yo jwenn. Match dwe kraze tout baryè ki ka anpeche moun enskri e li bay elèv ki nan swen adoptif yo aksè ak edikasyon e ak sèvis y ap bezwen pou yo ka bay menm randman ak lòt elèv yo. Yo pa ta dwe mete timoun nan yon lekòl oubyen yon pwogram jis paske yo se timoun yo te adopte e yo pa dwe fè yo enjistis sou kelkeswa fòm nan.

### **Definisyon swen adoptif**

Yo konsidere yon elèv kòm swen adoptif si elèv la ap tann pou l plase oswa plase pa DCF nan yon sistèm kote elèv la pase 24 èdtan deyò lakay li, lwen paran li oswa moun k ap okipe l. Plasman sa yo enkli, pami lòt moun:

- Kay paran adoptif yo;
- Kay fanmi paran adoptif yo;
- Abri ijans (sa gen ladan li pwogram STARR ak Inite Swen Tranzisyonèl);
- Abri;
- Enstitisyon ki pran swen timoun;
- Kay an gwoup; ak
- kay moun te ye anvan yo adopte yo.

### **Desizyon ki nan Avantaj**

Yon timoun ki nan swen adoptif ka ale nan denyè lekòl yo te mete li lè yo te adopte li a oubyen nenpòt lekòl yo te mete l lè te vin gen chanjman pandan yo adopte l (“Premye Lekòl”) Oubyen lekòl ki nan zòn kote kay rezidans adoptif li ye , kote moun k ap pran swen l oubyen gadri a ye (“Lekòl Rezidans li”). An jeneral, yon timoun ki nan swen adoptif ap rete nan Premye Lekòl li te ye a amwenske yo reyalize lekòl sa pa nan enterè timoun sa a. Lè y ap pran desizyon ki pi bon an annakò ak lalwa ak tout gid ki pou sitiyasyon, tout moun ki nan pozisyon pou konprann sitiyasyon espesyal etidyan an (tankou elèv la, fanmi, fanmi adoptif, Lekòl orijin, Lekòl rezidans, elatriye) Dwe jwe yon wòl enpòtan nan pran desizyon. Desizyon sa a ap pran an konsiderasyon sitiyasyon timoun nan e y ap konsidere plizyè bagay enpòtan .

Nan ka kote moun yo pa dakò, sila k ap pran denye desizyon an ki gen rapò ak lekòl la se DCF, epi timoun nan ap kontinye asiste lekòl nan Premye Lekòl li a toutpandan y ap pran desizyon an . Match ka revize desizyon DCF’ lè l itilize yon Pwogram Rezolisyon Dispit pou Chwazi Depatman Edikasyon Lekòl Primè ak Segondè Massachusetts (“DESE”) ak DCF mete sou pye. Yo pa ka revize oubyen chanje desizyon ki suiv pwosesis sa a.

Si yo plase elèv la nan Lekòl Orijin, elèv yo ap rete nan plasman sa a pandan tout tan elèv la nan swen adoptif oswa jiskaske elèv la fini tout klas yo nan lekòl sa a, kèlkeswa sa ki rive an premye.

## **Pwosesis Enskripsyon**

### Enskripsyon

Si yo aksepte yon elèv ki nan swen adoptif nan Match, Match pral imedyatman enskri elèv la menm si dosye lekòl, dosye vaksinasyon, plan edikasyon endividyèl oswa lòt dokiman obligatwa pa disponib. Pwen kontak pou plasman Akèy Match (“POC”) Ap mete Premye lekòl la an kontak ak lòt lekòl la pou l transfere enfòmasyon yo pral asire elèv la ale lekòl pandan y ap transfere enfòmasyon oubyen done yo. Match ap fè li fasil pou yo transfere nenpòt kalite enfòmasyon ki nan men l lè yon etidyan ki nan swen adoptif ap transfere nan yon lòt lekòl annakò ak pwosesis legal yo.

## **Transpò**

Match ap asire l san pèdi tan kalite transpò etidyan ki toujou nan Match nan swen adoptif yo san danje e li fèt ak lòd . Match ap antre nan yon akò ak DCF ki gen rapò ak pwosesis sou fason yo pral finansye transpò a.

## **Pwen kontak pou plasman Akèy**

POC Match ta dwe Direktè Operasyon Rezo a oubyen yon reponsab li chazi. POC a ta dwe reponsab :

- Estabilite nan kesyon edikasyon etidyan ki nan swen adoptif yo;
- Patisipe nan pwosesis desizyon ki nan avantaj etidyan adoptif yo an kolaborasyon ak reprezantan DCF e bay done oubyen enfòmasyon sou desizyon sa yo;
- Asire l etidyan ki nan swen adoptif yo enskri e enfòmasyon lekòl oubyen done yo transfere a le yo bezwen sa fèt e yo asiste lekòl ;
- Devlope e aplike pwosesis pou yo bay yon sèvis transpò ki bon pri e ki efikas jan yo bezwen sa;
- Ankouraje devlopman profesyonèl nan zòn nan pou ankouraje estabilite pou etidyan ki nan swen adoptif
- Idantifye e sipòte etidyan ki nan swen adoptif pa mwayen kolaborasyon ant Match ak DCF;
- Asire etidyan yo aksepte nan swen adoptif yo enskri e y ap asiste lekòl regilyèman; epi Asire etidyan ki nan swen adoptif yo jwenn opòtinite egale pou yo reyisi na lekòl epi afwonte menm difikilte akademik menmjan ak lòt elèv yo epi resevwa sèvis nan kesyon edikasyon si yo kalifye pou sèvis say yo.

**Sous:**

ED ak HHS Konsiltasyon Swen Adoptif ki pa regilye 22 jen 2016:

<https://www2.ed.gov/policy/elsec/leg/essa/edhhsfostercarenonregulatorguide.pdf>

Gid Estabilite DESE ak DCF nan Edikasyon Pou Etidyan ki nan Swen Adoptif .

Mizajou: Jiyè 2023